

Nim. 202.17

DEKRÈ EGZEKITIF

**Kontinyite Sispanyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo
Ki gen rapò ak ijans nan sitistasyon katastwòf la**

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitistasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

LÈ NOU KONSIDERE, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

KOUNYE A, AN KONSEKANS, Mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, konfòmeman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la pou pibliye nenpòt enstwiksyon pandan yon ijans nan sitistasyon katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, mwen, avèk dokiman sa a, ap pase enstwiksyon nou pral site la yo pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 15 me 2020;

- Yo te modifiye enstwiksyon ki te nan Dekrè Egzekitif 202.16 la ki gen rapò ak piblikasyon lèt 'okenn entèkansyon' oswa 'okenn aplikasyon' yo pou mande Pwokirè Jeneral la bay lèt sa yo.
- An vigè apati 8 p.m. nan Vandredi 17 avril 2020, nenpòt moun ki gen laj plis pase de ane epi ki ka sou plan medikal tolere yon mask pou kouvri figi yo ta dwe gen obligasyon pou yo kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa mask pou kouvri figi ki fèt ak rad yo lè yo nan yon espas piblik epi yo pa ka kenbe, oswa yo pa kenbe, distans sosyal yo.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan kenzyèm jou mwa avril

nan ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a